

Kou pa Korespondans

Elvaj Kabrit ak Mouton *

Ki avantaj elvaj kabrit e mouton ?

Men ki kantite pwodui nou ka jwenn nan bèt sa yo:

Vyann

Vyann kabrit e vyann mouton pa genyen mwens grès ke plizyè lot vyann. Se yon bon sous **pwoteyin** pou bati chapant kò a epi pou fe san. Vyann genyen anpil fè tou, ki bon pou evite ou trete anemi.

Po ak lenn

po kabrit e mouton gen anpil itilite tankou:

pou fè soulye ak sandal

pou fè tanbou, senbal, tanbouren, e latriye

pou fè pwodui atizana

Nan peyi fret, yo fè anpil kalite rad ak lenn mouton.

Fimye

Poupou kabrit ou mouton kapab itilize tankou fimye pou jaden. E fimye a se yon bon angrè òganik li ye pou fè kilti yo reyisi.

Lèt

Lèt kabrit trè rich, Li gen anpil pwoteyin, kalsyòm, ak vitamin. Epi yon moun ka dijjire l pi fasil ke lèt vach. Poutèt sa li ka valab pou bebi ak timoun ki pa ka adapte a let vach. Pwoteyin nesèsè pou nou ti bebi nan vant manman l ka fòme dan, zo, cheve, misk, e san ki nòmàl e ki an sante. San ase pwoteyin yon timoun pap grandi byen. Se **kalsyòm** ki bab ket ki bay zo ak dan fòs.

Ti kabrit

Ti kabrit e ti mouton la kapab trè enpòtan pou:


** Teks e desen pou leson sa yo sèvi liv ki ekri pa M. Birmingham ki nan CVM, pa Rosalee Sinn e Barbara Carter, e pa ekip SUCO*

Leson 1 Entwodiksyon

repwodui ras la, epi yo ka vann tou.

epi Kabrit ak Mouton jwe wòl kanè bank elvè a. Li met rete an sekirite – paske lè li gen gwo depans li ka vann kèk bèt.

Jeneralite sou kabrit e mouton



Kabrit ki nan desen a – èske li gen bon swen?


Site kisa ou wè nan desen an

Pou yo grandi vit, pou anpeche maladi antre sou bèt yo epi kenbe yo anfòm, fòk nou okipe yo byen.

Bon elvaj se tankou yon chodyè ki chita sou twa (3) wòch sa yo :


- 1) **Bon swen**
- 2) **Bon manje**
- 3) **Bon ras**

1) **Bon Swen:** gade desen ki anba a. Ki sa ou we ladan l? Ki sa nou ka fè pou kabrit sa a ?



Bon swen vle di ou kenbe bèt yon bon kote Kabrit e mouton pa renmen ni labou, ni lapli. Twòp solèy san lonbraj ka difisil pou yo tou. Lè sa yo vin kagou yo merite yon kote ki byen drene. Epi yo merite yon tonèl pou pwoteksyon kont solèy epi kont lapli.

Kabrit e mouton merite yon **tonèl** pou pwoteksyon kont soley epi kont lapli. Se yon aspe bon elvaj ki tre enpòtan. Ou ka kouvri li ak tach palmis, tach kokoye, ou tòl. Tonel



la dwe konstwi nan lakou w a, kote ou ka tande si gen et ou vole ki vini nan nwit la. Chak swa ou mete bèt yo anba

tonèl la. Ou taye manje pou yo, tankou gwo zèb e fey legiminez ou lot fey bwa. Epi ou mete manje sa a anba tonèl la. Ou mete yon bokit dlo la pou yo bwe, e kalbas sel la.

b) Evite vè trip

Vè trip se yon kalite ti bèt ki souse bèt la. Pou evite yo, pa melanje bèt ki an sante avèk sa ki malad. Kite patiraj yo pase kèk semèn san bèt, pou solèy tiye parazit yo. Pa mete twòp bèt nan yon sel pak. Si gen mouton ou kabrit ki megri oswa ki genyen, retire li bo kote lot yo epi bay patiraj sa a yon repo san bèt sou li pou solèy ka tiye vè yo.

Si gen pwoblèm vè trip nan twoupo ou a, pou anpeche vè souse lot kabrit e mouton yo, ba yo tout vèmifij chak twa (3) mwa. Na pale plis sou pwoblèm parazit nan lot lesou.

c) Taye zago kabrit e mouton

Gade zago yo de tanzantan. Lè yo vin twò long, ou dwe taye yo pou yo pa vin enfekte ou defòme. Si bèt pa ka mache byen, li pap manje byen – la megri.

d) **Mete yon « Virol »** sou kòd chak bèt. Virol la se yon fason kòd la ka vire san li pa tòde. Virol la ka fèt ak fè, oubyen ak yon ti sèk kòd.

e) Mande yon veterinè **vaksin** bèt yo chak ane. Na gade ki vaksen pou bay yo nan lesou 7.

2) Dezyèm wòch dife a se Bon Manje - e dlo pwop

Genyen 2 kalite manje ki nesese :

a) **Zeb:** Genyen plizyè kalite zeb nou ka plante pou kabrit e mouton nou. Sa vle di genyen zèb ginen, zèb gwatemala, zèb wayal, zèb zetwal, zèb napye, e latrye.

Yo chaje ak eneji pou bèt ka gwosi e travay.

b) Fèy: plante pye bwa tankou bwadòm, rami, gonmye, kanpèch,, koton swa, kalbas, zaboka, kròk chen, petpet, gwayav mawon, e plizyè plant ki fè gous. Sonje plant ki fè gous (nou rele yo Legimine) trè rich an pwoteyin. E pwoteyin se yon kalite manje ki fè kò a grandi. Pou legimine ki bon pou mouton ak kabrit, genyen pye bwa legimine tankou doliv, bayawonn, lesena, tchatcha, glirisidya e bwa imotel e genyen lyann legimine tankou pwa vèlvèt,, kolkol,, klitorya, glisinn e plizyè lot.

c) Dlo Ofri kabrit e mouton dlo pwop chak jou

Kabrit konn viv san dlo, men gèt ki bwe dlo chak jou grandi pi byen. Bon dlo vle di: dlo ki pwòp, ki pa gen pou pou bèt ou jèm maladi ladan l - dlo a pa soti kotè bèt maladi te ye.

d) Li bon pou bay kabrit e mouton Gwo Sèl

Retire tout sa ki andedan yon kalbas epi sèche li.


Mete yon demi vè sèl nan kalbas la, epi kwoke kalbas la ak yon kòd e yon ti moso bwa. Mete li menm wotè ak tèt kabrit yo. Konsa, kalbas la kòmanse swe sèl la. Lè kabrit la niche pou l, li jwenn sèl la. Oswa, si ou ka jwenn yon blòk mineral, bay kabrit la pou l ka niche. Konsa, li ka jwenn tout mineral li bezwen pou byen grandi, e repwoudui.

3) Twazyèm Wòch Difè, se Bon Ras

Ras kabrit ou mouton ki adapte a zòn nan, ki grandi vit, ki pa maladi fasil e ki pwodwi anpil let e vyann. Pou konsève bon ras, fòk ou gen yon bon bouk ki soti nan ras la, epi wap chanje bouk la de tanzantan.

Kabrit kreyòl

Kabrit Kreyòl pa gwo e pa grandi vit, men li adapte a



klima a teren Dayiti. Li gen bon rezistans kont maladi, ki fè souvan nou kwaze ras Kreyòl ansanm ak ras etranje pou konseve rezistans sa a .

Pa manke lot ras kabrit (Boè , Nibyenn, Angora elatriye. Gen ras yo elve pou vyann paske yo gwo anpil, genyen yo elve pou lèt paske yo bay anpil lèt, genyen se pou fib (plim ki sou yo), gen lòt se pou po. An Ayiti nou plis fè elvaj mouton ak pwal. Yo pi adapte a klima cho epi yo konn genyen anpil vyann sou yo.

Ki sistèm elvaj kapab mache lakay ou?

1) Elvaj kabrit ou mouton nan pak

- Si nou vle gade bèt nan pak, nou bezwen plante zèb ak pye bwa anvan nou kòmanse. Se yon fason pou nou ka jwenn manje pou ba yo.
- Li pi bon si nou mete zèb ak fèy nan yon manjwa ou byen si nou mare li anlè paske konsa kabrit gen manje ki byen pwòp e ki pa kontamine avèk vè. Epi konsa kabrit yo gaspiye mwens manje.

Lè nou fè elvaj kabrit nan pak, sonje ke kabrit yo se prizonye yo ye.

- Sa vle di yo depann nèt sou sa gadyen la fè pou bèt la..
- Se mèl la ki bezwen pote dlo e manje pou yo.

Kloti pou pak kabrit e mouton


Sèvi ak **pye bwa vivan**, tankou imòtel, doliv e gonmye pou poto yo, ansanm ak **fil fe**.

Mete kandelanm oswa oswa pengwen oswa bayonèt

Gen fil fè espesyal ki fèt pou elvaj kabrit e mouton.


Ki lot plant ou gen lakay ou ki bon pou poto vivan:?

Mete yon **kwòk** nan kou bèt yo si li konn chape souvan.



Lè nou fè elvaj kabrit nan pak nou ta dwe retire kòn yo

Nou fè sa pou yon kabrit pa bat lòt ak kòn yo lè yo rete ansanm nan yon pak. Yon lòt avantaj pou retire kòn kabrit se pou yo pa blese ti moun. Yon dezavantaj pou retire yo se kabrit san kòn pa gen defans kont chen.



Mare kabrit ou mouton ak kòd -ki avantaj?

Gen mwens pwoblèm ak vè e mikwòb si ou chanje kabrit yo souvan.

Si ou mare bèt ou lwen, yon chen ka touye li (sitou mouton)oswa yo ka vòlè li.

Si ou gen anpil bèt, li ka pran anpil tan pou mare chak yon kote.

Li pi difisil pou veye yo.

3) Bèt lage

Si ou kite yo lage, yo ka antre nan yon jaden oswa machin ka frape yo.

Epitou, si ou kite kabrit lage, la kraze plizyè pye bwa, sa vle di la kraze rebwazman peyi a. Konsa nou kraze peyi a, ou kraze kominote ou epi ou kraze pwòp tèt pa w. -

Refleksyon

Women 8 : 31-3

- *Si Bondye pou nou, kilès ki ka kont nou? Li pa t' menm refize nou pwòp Pitit li a, men li bay li pou nou tout. Ki jan pou l' pa ta ban nou tout bagay avèk Pitit la tou pou gremesi?*
- Ki moun ki va akize moun Bondye chwazi yo? Pesonn. Paske se Bondye menm ki fè yo gras!
- Ki moun ki kab kondannen yo? Pesonn. Paske Jezikri te mouri. Sak pi rèd ankò, li leve soti vivan nan lanmò, epi li chita sou bò dwat Bondye, kote l'ap plede pou nou.
- Kisa, atò, ki va fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou an? Soufrans ka fè nou sa? Osinon, kè sere? Osinon, pèsekisyon? Osinon, grangou, mizè, gwo danje, lanmò? Dapre sa ki ekri nan Liv la:
- Se poutèt ou, tout moun yo soti pou touye nou. Yo gade nou tankou mouton y'ap mennen labatwa.
- Men, sou tout bagay sa yo, nou genyen batay la nèt ale, gremesi moun ki renmen nou an.

Paske, mwen gen lasirans anyen pa ka fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou: ni lanmò, ni lavi, ni zanj Bondye yo, ni lòt otorite ak pouvwa ki nan syèl la, ni bagay ki la jòdi a, ni sa ki gen pou vini pita,

- ni pouvwa ki anwo nan syèl la, ni pouvwa ki anba tè a. Non. Pa gen anyen nan tout kreyasyon Bondye a ki ka janm fè nou pèdi renmen Bondye fè nou wè nan Jezikri, Seyè nou an.

Èske nou ka kòmanse konprann kijan Bondye renmen ou ?

Apòt Pol vle nou konprann kijan lanmou Bondye te gen pou chak moun depase tout limit ke nou ka imajine.

Pol te senti renmen sa a byen klè nan lavi li, malgre li te fè anpil erè e peche, e malgre li te souffri anpil akòz ministè li. Pol te wè ke lanmou Bondye genyen pou li te anpil pi fò pase tou bagay sa yo. Li te wè ke pi gwo siy lanmou sa a se jan li te dakò pitit li, Jezi, souffri e mouri pou restore nou kòm pitit li.

Èske ou santi jiska ki profonde Bondye renmen ou? Li tre bon pou reflechi sou lide sa a. Le ou konprann renmen sa a, wap vle swiv Bondye, pale ave l, epi mete konfyans nan li toutan.

- **Ou vle pran tout kou Elvaj Kabrit e Mouton la?**

Li genyen 8 leson e 2 evalyasyon. Men fòk nou gen 6 moun pou pi piti nan menm zòn ki vle pran kou a.

- Voye yon **mesaj SMS** a telefòn 3703 5286: Ekri non ou, lokalite ou, dat nesans ou, adress email si genyen, e nimero telefonn ou epi site « kou elvaj Kabrit »

oswa voye tout enfomasyon sa a pa email a ladres : paulhaiti@yahoo.fr

- oswa ekri nou -
CaribeLearn BP 113, Les Cayes

- Kijan kou CaribeLearn yo mache?

Chak moun genyen pou investi tan e travay nan reysit kou a. Nou rele sa Patisipasyon Kominote Daprantisaj (PKD).

- Pou konplete kou Elvaj Kabrit e mouton wap bezwen 20 èdtan patisipasyon
Ki patisipasyon ??
Sèvi kòm pwèn fokal zòn nan
Oganize gwoup patisipan pou yo reyini ansanm
Ekri yon leson sou yon sijè ke ou gen eksperyans
Chache yon lòt etidyan, epi ou fè kopi premye leson an pou li,
Bay volontarya nan yon sant Alfa